

GWOSÈS DIFISIL EPI LI KA AFEKTE RELASYON W.

Move relasyon afekte sante ou menm ak sante pitit ou yo. Yo te demontre ke abi ka mennen nan anksyete, depresyon, opresyon, sistèm iminitè ki konpwomèt, pwoblèm gastwoentestinal, maladi kè, ak itilizasyon sibstans. Konpòtman ki abizif, fòse, ak kontwolan ka vin pi mal pandan gwosès epi li ka gen enpak sou nesans pitit ou a, ki enkli mennen nan yon nesans prematire oswa yon pwa ki ba lè timoun nan fèt.



AK KISA ABI ANVAN, PANDAN AK APRE GWOSÈS SANBLE?

- Vyolans seksyèl ak vyòl
- Kontrent repwodiktif, tankou manipile kontwòl nesans
- Kontwòl randevou medikal yo oswa refi swen
- Entèdiksyon a pwofesyonèl swen sante oswa sèvis sosyal pou yo antre nan kay la
- Izole w lwen fanmi w ak zanmi w
- Jalouzi Ekstrèm
- Ekzije pou konnen kote w ye tout tan
- Pa pèmèt ou travay
- Refize w lajan
- Vyolans fizik, tankou frape, toufe, ak pouse
- Entimidasyon ak menas

SI W BEZWEN ÈD, OSWA JIS YON MOUN POU KOUTE W, GEN DEFANSÈ KI DISPONIB

Safe Connect, liy enfòmasyon ak resous sou vyolans domestik Connecticut, se pwen antre nan tout eta a pou sèvis vyolans domestik. Nou se yon ekip defansè amikal ki la pou sipòte w epi mete w an ak resous yo, ki enkli òganizasyon lokal manm CCADV w la kont vyolans domestik ki ka ba ou yon varyete sèvis pou ede w ogmante sekirite w ak sekirite pitit ou a.

- Konsèy • Defans ak bezwen debaz • Opsyon Lojman • Defans devan tribinal
- Defans ak sipò adapte pou laj pou timoun ak adolesan yo



CTSafeConnect

CTSafeConnect.org | 888.774.2900

Rele • Tèks • Chat • Imel • 24/7

Tout sèvis yo ki founi pa Safe Connect ak 18 òganizasyon manm CCADV nan sa ki konsène vyolans domestic yo
KONFIDANSYÈL, SEKIRIZE, GRATIS, EPI VOLONTÈ.

cca | DV

Connecticut Coalition Against Domestic Violence

ctcadv.org

CONNECTICUT

Public Health

ct.gov/dph